

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

EGZAMEN TRANZISYON POU ISTWA AK
JEWOGRAFI JENERAL — NIVO 10

Jedi 20 Jen 2019 — 9:15 a.m. jiska 12:15 p.m., sèlman

Non Elèv la _____

Non Lekòl la _____

Nou entèdi fòmèlman pou posede oswa pou itilize nenpòt aparèy kominikasyon pandan w ap pran egzamen sa a. Si ou genyen oswa itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab, epi ou p ap jwenn nòt pou li.

Ekri non w ak non lekòl ou ak lèt enprime sou liy ki pi wo la yo. Yo ba ou yon fèy repons apa pou Pati I an. Suiv enstriksyon siveyan an pou mete enfòmasyon elèv nan fèy repons ou an. Ansuit, mete enfòmasyon yo mande ou yo nan tèt chak paj ti liv redaksyon ou.

Egzamen sa a gen twa (3) pati. Ou fèt pou reponn tout kesyon ki nan **tout** pati yo. Sèvi ak plim nwa oswa plim ble fonsè pou w ekri repons pou Pati II, III A ak III B.

Pati I an gen 30 kesyon ochwa miltip. Ekri repons ou pou kesyon sa yo selon eksplikasyon ou jwenn sou fèy repons lan.

Pati II a gen yon kesyon redaksyon tematik. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan ti liv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

Pati III a baze sou plizyè dokiman:

Pati III A a genyen dokiman yo. Lè ou rive nan pati sa a nan egzamen an, ekri non ou ak non lekòl ou sou premye paj chak seksyon.

Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oswa plis. Ekri repons ou pou chak kesyon ki nan ti liv egzamen sa a sou liy ki vini apre kesyon an.

Pati III B a genyen yon kesyon redaksyon ki baze sou dokiman. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan ti liv redaksyon an, kòmanse nan paj 7.

Lè w fini egzamen an, ou fèt pou siyen deklarasyon ki enprime nan fen fèy repons lan, pou w endike ou pa t konnen kesyon oswa repons yo ilegalman anvan egzamen an, epitou ou pa t ni bay ni pran poul pou reponn kesyon yo pandan egzamen sa a. Yo p ap aksepte fèy repons ou an si w pa siyen deklarasyon sa a.

PA LOUVRI TI LIV EGZAMEN SA A JOUK YO BA OU SIYAL POU FÈ SA.

Pati I

Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

Enstriksyon (1–30): Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons apa a *nimewo* mo oswa ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oswa ki pi byen reponn kesyon an.

1 Ki tit ki pi byen konplete lide pasyèl ki anba la a?

I. _____

- A. Lemonn an tèm espasyal
- B. Zòn yo ak rejyon yo
- C. Anviwònman ak sosyete
- D. Sistèm imen ak sistèm fizik yo

- (1) Eleman Jewografi yo
- (2) Nivo Devlopman Teknolojik yo
- (3) Klasifikasyon Aktivite Ekonomik yo
- (4) Modèl Gouvènman yo

2 Ki kalite kat jewografik ki ta pi itil pou detèmine fwontyè ak kapital peyi yo?

- (1) klima
- (2) fizik
- (3) resous
- (4) politik


3 Nan ki sistèm ekonomik gouvènman an kontwòle kisa pou moun pwodui, fason pou yo pwodui li, ak kiyès ki gendwa resevwa byen ak sèvis yo pwodui yo?

- (1) ekonomi planifye
- (2) ekonomi mache
- (3) ekonomi tradisyonèl
- (4) ekonomi miks

4 Ki zòn ki pi peple nan Japon?

- (1) mòn yo
- (2) forè yo
- (3) zòn nèj rejyon nò yo
- (4) plèn kotyè yo

Sèvi ak dyagram ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 5.



5 Ki moun yo rekonèt ki te devlope teyori syantifik ki dekri nan dyagram sa a?

- (1) Charles Darwin
- (2) Nicolaus Copernicus
- (3) René Descartes
- (4) Isaac Newton

6 Yon fason kote ekri John Locke ak Baron de Montesquieu yo sanble sèke yo te

- (1) sipòte lide pou gouvènman yo gen pouvwa limite
- (2) lakòz devlopman sistèm ekonomik mèkantil yo
- (3) pwomouvwa lide Refòm Pwotestan yo
- (4) ranfòse reklamasyon dwa diven monak Ewopeyen yo

Sèvi ak pwoklamasyon ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 7.

Atik 1. –Jeneral Toussaint ak Jeneral Christophe se òlalwa; yo bay chak bon sitwayen lòd pou kenbe yo, epi trete yo kòm rebèl kont Repiblik Fransè a. . . .

— Leclerc Saint-Domingue proclamation (1802)

7 Baze sou pwoklamasyon Fransè sa an 1802, reyaksyon gouvènman Fransè a fas ak Revolisyon Ayisyen nan se te

- (1) aksepte demann Ayisyen yo pou mete fen nan esklavaj ak opresyon
- (2) ankouraje Ayisyen yo pou soulve kont rejim Fransè
- (3) òdone pou yo kaptire lidè revolisyon Ayisyen yo
- (4) dakò pou bay Ayisyen yo tout dwa ki garanti pou tou sitwayen Fransè yo

8 Inifikasyon Almay la te rezilta imedya

- (1) Kapitilasyon Napoleon Bonaparte nan Batay Waterloo a
- (2) Lagè Otto von Bismarck la avèk Danmak, Otrich, ak Lafrans
- (3) Rèy Maria Theresa kòm yon despòt eklere
- (4) Asasina Akedik Franz Ferdinand nan Sarajevo a

9 Pandan 19yèm syèk la, yon rezon prensipal Britanik yo te vle kontwole rejyon Kanal Suez la se pou

- (1) asire aksè pi fasil ak Lend
- (2) fasilite komès esklav la nan rejyon lès Afrik
- (3) pwomouvwa nasyonalis nan Ejipt
- (4) amelyore agrikilti nan Mwayennoryan

10 Kòm rezilta kwasans Syonis la, ki rejyon ki te eksperimente yon ogmantasyon imigran yo ki soti nan rejyon Lès Ewòp nan kòmansman 20yèm syèk la?

- (1) Tchetcheni
- (2) Kosovo
- (3) Kidistan
- (4) Palestin

11 • Plis pase 400,000 travayè fè grèv kòm rezilta Dimanch Sanglan an.

- Za Nicholas II abdike twòn lan.
- Lenin retounen soti nan egzil epi defye gouvènman Kerensky a.

Yo konsidere evènman sa yo kòm kòz

- (1) Lagè Risi-Japon an
- (2) Revolisyon Bòlchevik la
- (3) Gwo Depresyon an
- (4) Trete Kanagawa a

12 Yon egzanp otodetèminasyon apre Premyè Gè Mondyal la se

- (1) etablisman Koridò Polonè a
- (2) demilitarizasyon Renani
- (3) kreyasyon nouvo peyi yo apati Anpi Otrich-Ongri a
- (4) okipasyon Pisans Alye yo sou koloni alman yo

Sèvi ak imaj ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 13.

Kòlòs Rhodes yo



Sous: *Punch*, 1892 (adapte)

Eskilti an Bwa Yoruba




Sous: Leon E. Clark, ed., *Through African Eyes*, Praeger (adapte)

13 Imaj sa yo anrapò ak Lafrik pi byen reprezante

- (1) pwendvi yo sou nati enperyalis
 - (2) prè vòm travay atistik tradisyonèl yo
 - (3) obstak pou devlopman rejyon Rivyè Nil lan
 - (4) efò pou pwomouvwa vwayaj soti Lekè ale Capetown
-

Sèvi ak kat jewografik ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 14.



Sous: Henry Brun et al., *Global History: The Growth of Civilizations*, AMSCO, 2000 (adapte)

- 14 Ki pi bon tit pou kat jewografik sa a?
- (1) Efò Endepandans Sidès Azyatik yo
 - (2) Chan Batay Koreyen yo
 - (3) Ekspansyon Teritoryal Japonè a
 - (4) Agresyon Militè Chinwa a

- 15 Kisa ki te yon rezilta enpòtan plan senkan Stalin yo?
- (1) Pwodiksyon nan endistri lou yo te ogmante.
 - (2) Lidè relijye yo te kontwole tribinal yo.
 - (3) Pratik demokratik yo te etann.
 - (4) Libète ekspresyon nan travay atistik yo te fleri.
- 16 Ki deklarasyon ki pi byen dekri repons Mohandas Gandhi te bay enperyalis Britanik lan?
- (1) Li te mennen yon revòlt ame Sepòy yo te sipòte.
 - (2) Li te ankouraje Endyen yo pou yo swiv yon politik dezobedyan.
 - (3) Li te fè kanpay pou Endyen yo ak Britanik yo gouvènè soukontinan ansanm.
 - (4) Li te mande Palman Britanik lan pou separe soukontinan ant Endou yo ak Mizilman yo.
- 17 Pwopagann gouvènman Britanik lan pandan Dezyèm Gè Mondyal la te ankouraje sitwayen Britanik yo pou yo
- (1) bòykote machandiz yo fabrike aletranje yo
 - (2) mande pou yo separe anpi a
 - (3) sipòte efò lagè gouvènmantal yo
 - (4) diskite mouvman twoup yo pandan lagè a
- 18 Kijan jewografi te afekte fason yo te mennen Dezyèm Gè Mondyal la?
- (1) Lanmè Nwa a te limite aktivite militè yo ant Lewòp ak Lafrik.
 - (2) Chèn Mòn yo ak oseyan yo te baryè efikas kont bonbadman ayeryen yo.
 - (3) Yo te prensipalman itilize rivyè ki koule nan nò ak nan sid yo pou twoup yo ka rapidman deplase ale nan sit batay yo.
 - (4) Klima ostil ak distans long yo te ralanti efò Almay t ap fè pou yo reyisi sou fwon lès li a.
- 19 Yon rezon Inyon Sovyetik la tabli satelit nan Ewòp Delès la apre Dezyèm Gè Mondyal la te pou
- (1) pwoteje fwontyè lwès li a
 - (2) elimine zam nikleyè yo
 - (3) asire divèsite kiltirèl
 - (4) bay espas ak popilasyon kwasan li an

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 20.

. . . Yo dwe refonde ONI [Nasyonzini] sou baz prensip orijinal li yo. Estanda admisyon yo pa ta dwe senp egzistans yon peyi, men respè li genyen pou sèten kritè gouvènans demokratik. Menm jan ak Inyon Ewopeyen lan, ONI ta dwe gen mekanis anplas pou sispann oswa menm ekskli manm yo ki pa respekte nòm [règ] demokratik yo. . . .

— Emma Bonino and Gianfranco Dell’Alba,
“Making the UN Fit for Democracy,” June 2003

- 20 Daprè otè sa yo, ki kalite kritè tout manm Nasyonzini yo ta dwe ranpli?
- | | |
|-------------|--------------|
| (1) relijye | (3) ekonomik |
| (2) militè | (4) politik |
-
- 21 Ki faktè ki te kontribiye anpil nan pifò mouvman endepandans an Afrik ak Azi yo apre Dezyèm Gè Mondyal la?
- | | |
|------------------------|----------------|
| (1) migrasyon yo | (3) nasyonalis |
| (2) endistriyalizasyon | (4) pandemi yo |
- 22 Ki deklarasyon ki pi byen eksplike poukisa Kominis yo te genyen lagè sivil Chinwa an 1949?
- (1) Yo te pwomèt manm nan Pati Kominis lan ak bizismann ak pwopriyetè kay yo .
 - (2) Yon grand kantite fanm te vote anfavè Pati Kominis lan.
 - (3) Popilasyon peyizan Lachin lan te sipòte Kominis yo.
 - (4) Pisans Oksidantal yo te bay lame Kominis Lachin lan zam ak konseye.
- 23 Ki tèm ki dekri politik etranjè Lend pandan Lagè Fwad la?
- | | |
|----------------|-----------------|
| (1) militaris | (3) apezman |
| (2) izòlman li | (4) non-alijman |
- 24 Ki objektif ki te dèyè konstriksyon Mi Bèlen an?
- (1) sovgade sekre endistriyèl yo
 - (2) pwoteje pouvwa yon rejim
 - (3) dekouraje mouvman gadyen twoupo yo
 - (4) teste vyabilite inovasyon teknolojik yo

Sèvi ak desen ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 25.

Mesye Putin Demontre Sekretè Deta Rice ke Larisi Reyèlman Gen Laprès Lib



Sous: Danziger, *Times Union*, April 25, 2005 (adapte)

25 Lide prensipal desen sa a sijere ke Prezidan Larisi a Putin

- (1) sipòte yon près lib
- (2) limite disandans
- (3) pwomouvwa kapitalis
- (4) mefye Etazini

26 **“Izin Pwodui Chimik nan Bopal, Lend, Degaje Lafimen Toksik”**
“Reyaktè Nikleyè Eksploze nan Tchènobil, URSS; Degaje Radyasyon”
“Bato Petwole Exxon Valdez Echwe an Alaska”

Ki enkyetid global ki dekri nan gran tit sa yo?

- (1) evènman ki polye anviwònman an yo
- (2) katastwòf ki lakòz sounami yo
- (3) sikonstans ki kontribiye nan ewozyon sòl yo
- (4) ensidan yo ki lakòz epwizman ozòn lan

27 Ki sitiyasyon ki se yon kòz lòt twa yo?

- (1) Pwodiksyon agrikòl la te ogmante.
- (2) Yo te kiltive rekòt yo nan fason ki pi efikas.
- (3) Yo te entwodui Revolisyon Ekolojik la.
- (4) Yo te itilize pestisid chimik yo pou ogmante pwodiksyon agrikòl yo.

28 Ki nasyon ki te lakòz enkyetid entènasyonal nan kòmansman 21yèm syèk la akòz efò kontini li yo pou devlope zam nikleyè?

- (1) Lafrans
- (2) Lachin
- (3) Kore Dinò
- (4) Inyon Sovyetik

29 Yon fason kote Kongrè Vyèn lan (1814–1815) ak Konferans Lapè Pari a (1919) sanble sèke toude rankont yo te chache

- (1) pwoteje dwa minorite etnik ak relijye yo nan peyi ki te fenk kreye yo
- (2) restore monak yo nan pouvwa nan Lafrans, Almay ak Larisi
- (3) distribiye èd bay moun ki te deplase akòz konfli yo
- (4) etabli estabilite apre yon peryòd lagè ak revolisyon

30 Agrikilti an tèras, konstriksyon pon yo, ak konstriksyon kanal yo se fason plizyè sosyete te

- (1) pwomouvwa divèsite kiltirèl
- (2) redui menas envazyon
- (3) etabli fwontyè pèmanan yo
- (4) modifye anviwònman yo

Ou dwe ekri repons pou kesyon redaksyon yo nan ti liv redaksyon apa a.

Nan devlopman repons ou yo pou Pati II a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- (a) **dekri** vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pale osijè de li”
- (b) **diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalite, rezònman, ak diskisyon; prezante an detay”

Pati II

KESYON REDAKSYON TEMATIK

Enstriksyon: Ekri yon redaksyon byen òganize ki gen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf ki pale osijè sa w gen pou fè anba a, ak yon konklizyon.

Tèm: Dwa Moun Yo

Pandan divès peryòd nan istwa, yo te refize respekte dwa moun kèk gwoup. Moun yo ak gwoup yo te fè tantativ pou reziste epi opoze ak vyolasyon dwa moun sa yo.

Sa pou fè:

Chwazi **de (2)** gwoup yo te refize respekte dwa moun yo epi pou yo **chak**

- Dekri fason yo te refize respekte dwa moun gwoup sa yo
- Diskite yon tantativ yon moun oswa yon gwoup te fè pou yo reziste oswa opoze ak vyolasyon dwa moun sa a yo

Ou gendwa itilize nenpòt gwoup yo te refize respekte dwa moun yo dapre etid ou nan istwa jeneral ak jewografi. Kèk sijesyon ou gendwa swete konsidere gen ladan entouchab nan Lend yo, pèp endijèn yo an Amerik Latin, Amenyen yo, Ikrenyen yo, Jwif yo, Sid Afriken Nwa yo, Kanbodyen yo, etidyan Chinwa yo, Wanndè yo, ak fanm Afgàn yo.

Ou pa limite a sijesyon sa yo sèlman.

Pa ekri sou yon gwoup ki soti Ozetazini.

Gid:

Nan redaksyon ou an asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanp ak detay enpòtan
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

Pati III

KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a baze sou dokiman ki mache avèk li yo. Kesyon an la pou teste konpetans ou pou travay avèk dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nenpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an. Toujou sonje langaj ak imaj yo ki itilize nan yon dokiman ka montre kontèks istorik epòk yo te kreye dokiman an.

Kontèks Istorik:

Pandan tout istwa, lidè yo ak gouvènman yo te elabore politik pou reponn a pwoblèm espesifik yo. Politik sa yo te gen enpak siyifikatif sou peyi lidè a ak rejyon ki ozalantou yo. Pami lidè sa yo ak politik yo gen ladan *Anprè Meiji ak oksidantalizasyon, Kemal Atatürk ak oksidantalizasyon, ak Deng Xiaoping ak politik yon sèl pitit la.*

Sa pou fè: Avèk enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa ak jewografi jeneral, reponn kesyon ki vini apre chak dokiman ki nan Pati A. Repons ou pou kesyon yo ap ede ou ekri redaksyon Pati B kote y ap mande ou pou

Chwazi **de (2)** lidè ak politik asosye ki mansyone nan kontèks istorik la epi pou yo **chak**

- Dekri sikonstans istorik ki te enfluyans lidè sa a ak gouvènman li an pou yo devlope politik sa a
- Diskite enpak politik sa a te genyen sou peyi lidè a **ak/oswa** sou yon rejyon

Nan devlopman repons ou yo pou Pati III a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- dekri** vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pale osijè de li”
- diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalite, rezònman, ak diskisyon; prezante an detay”

Pati A

Kesyon ak Repons Kout

Enstriksyon: Analize dokiman yo epi reponn kesyon ki mande repons kout ki vini apre chak dokiman nan espas yo ba ou a.

Dokiman 1a

Nan mitan ane 1800 yo, Tokugawa shogunate te fèb epi li te fè fas a menas ekstèn yo. Pasaj sa a eksplike sityasyon an.

. . . Pifò reyalis Japonè yo te remake sa ki te rive Lachin lan—yo te remake epi sa te choke yo. Lachin pa te senpleman yon lòt peyi men Wayòm Milye a, Peyi Santral la. Istorikman, anprès li a te konn refere ak anprès Japonè a kòm “ti wa ou a.” Oksidanto yo te fasone yon nouvo Lachin, ke opyòm te deboche [kòwonpi] epi ke yo te kite san pwoteksyon ni dinasti Ch’ing lan ni fòs lame a. Si Britanik yo ak Fransè yo te ka poli Lachin, ki espwa ki te genyen pou ti Japon—kont Grann Bretay, Lafrans, Larisi ak Etazini? Japon te ka eseye fè aplike lwa izòlman li an, youn nan lidè ki pi abil li yo te deklare apre ensidan Biddle la, men si “etranje yo te fè reprezay, sa t ap yon konba san espwa, epi li t ap yon dezonè pi mal ankò pou Japon.” . . .

Sous: James Fallows, “When East met West: Perry’s mission accomplished,” *Smithsonian*, July 1994

Dokiman 1b

Gravi Japonèz sou Blòk an Bwa ki Dekri Bato Perry yo



. . . Jou 8 jiyè 1853, USS *Powhatan* te alatèt kat (4) bato nwa ki te sou kòmann Komodò Matthew Perry, te jete lank nan Bè Edo (Tokyo). Avan sa a, Japonè yo pa te janm konn wè bato k ap degaje lafimen. Yo te panse bato yo te “dragon jeyan k ap soufle lafimen.” Yo pa te konnen bato ak vapè yo te egziste epi yo te sezi wè kantite ak gwosè zam ki te abò bato yo. . . .

Sous: “Commodore Perry and the Opening of Japan,” U.S. Navy Museum online

1. Selon dokiman sa yo, kisa ki te **yon (1)** krent lidè Japonè yo te genyen pou peyi yo? [1]

Score

Dokiman 2a

. . . Piske objektif modènizasyon se te pou resevwa menm tretman egal nan men Oksidan an anpil inovasyon kiltirèl yo , apa lefèt ke yo te plis pase aparans eksteryè pou Japonè yo yomenm, te gen yon enfliyans sikolojik enpòtan sou diplomat ak politisyen Oksidantal yo. Anba rèy Chogoun [Tokugawa] lan, manm premye delegasyon Japonè Ozetazini an 1860 yo te pote wòb samouray tradisyonèl avèk yon tèt raze [pwent tèt la] ak cheve long mare an chou sou kote tèt yo epi yo te pote epe. Anba nouvo anprè [Meiji] a, estil koup cheve oksidantal yo te yon senbòl prensipal Oksidantalizasyon. Sòlda yo ak fonksyonè [ofisyèl] sivil yo te pote inifòm estil oksidantal, epi politisyen yo te souvan adopte estil rad Oksidantal yo epi menm plen bab. An 1872 yo te preskri abiman Oksidantal pou tout tribinal ak seremoni ofisyèl yo. Yo te ankouraje konsomasyon vyann, ke yo te dezapwouve anvan akòz atitud Boudis yo, epi yo te devlope pla vyann bèf sukiyaki a nan epòk sa a. Yo te vin adopte travay atistik ak achitekti oksidantal yo, sa ki te pwodui yon ansanm pòtrè ofisyèl òm deta k ap dirije yo ansanm ak yon vèni [aparans] Viktoryen enkongri [enkonpatib] nan distri komèsyal ak gouvènmantal vil yo ak kèk enteryè gwo chato moun rich yo ki toutafè depriman. . . .

Sous: Richard Perren, "On the Turn—Japan, 1900,"
History Today, June 1992

Dokiman 2b

Foto Chante yo Pami Prinnye Anflè yo



Sous: Hashimoto Chikanobu,
December 1887 (adapte)

2a Dapre Richard Perren, kisa ki te **yon (1)** rezon ki te fè gouvènman Japonè a adopte inovasyon kiltirèl Oksidantal yo? [1]

Score

b Dapre dokiman sa yo, endike **yon (1)** fason oksidantalizasyon te enfliyanse kilti Japonè a pandan rèy Anprè Meiji a. [1]

Score

Dokiman 3

Kwasans Nasyonalis Sou Rèy Meiji a

. . . Nasyonalis te parèt tou nan Japon nan ane 1880 yo, men la anba parenaj gouvènman [Meiji] an aprè yon peryòd oksidantalizasyon pisan. Pandan ane 1870 yo, yon grand kantite konseye Oksidantal te imigre nan Japon, yo te okipe pòs anplwaye epi yo te administre anpil nan sistèm eskolè kwasan an, pami lòt fonksyon yo. Ofisyèl konsèvatè yo, tankou anprè a, te enkyete pou endividyalis Oksidantal la ak lòt prensip kowozif [destriktif] yo ta ka andomaje kilti Japonè a, epi yo te fè apèl ak nasyonalis, konplete ak yon relijyon Shinto ki renouvle, ak lòt tradisyon yo pasyèlman envante, pou soutni yon lwayote anvè eta a ak yerachi a. Yo te kòmanse itilize nasyonalis pou motive plis pwodiksyon, sakrifis ekonomik, ak lòt kalite ki te ede fè avanse devlopman rapid; pa twòp tan apre li te ensite yon nouvo enperyalis tou. . . .

Sous: Peter N. Stearns, *Cultures in Motion: Mapping Key Contacts and Their Imprints in World History*,
Yale University Press

- 3 Dapre Peter N. Stearns, kisa ki te **yon (1)** fason ofisyèl konsèvatè Japonè yo te tante anpeche oksidantalizasyon andomaje tradisyon Japonè yo? [1]

Score

Dokiman 4a

1918

- Premye Gè Mondyal la fini; tè Ottoman genyen nan sidwès Azyatik yo dapre manda yo sou kontwòl Ewopeyen.
- Grann Bretay, Lafrans, Itali ak Lagrès okipe tè Latiki yo nan Azi Minè

1920–1922

- Kemal Atatürk fòme yon gouvènman nasyonalis; konfli eklate ant gouvènman Atatürk la ak gouvènman Siltan Mohammed VI lan
- Yo te fòse Siltan Mohammed VI abdike twòn lan

1923

- Trete Lausanne lan etabli fwontyè Latiki yo
- Pisans Ewopeyen yo rekonèt Latiki kòm yon peyi
- Yo te ofisyèlman deklare Latiki yon repiblik avèk Atatürk kòm lidè

Sous: Based on L. E. Snellgrove, *The Modern World Since 1870*, Longman Group

4a Selon tablo sa a, kisa ki te **yon (1)** pwoblèm Latiki te konfwonte ki te konvenk Atatürk ke Latiki te bezwen sibi gran chanjman yo? [1]

Score

Dokiman 4b

. . .Yo pa te janm fonde okenn nasyon avèk pi gran zèl revolisyonè pase Repiblik Tik la, epi okenn lòt nasyon pa te sibi chanjman ki pi radikal nan yon titan kout konsa. Nan kèk ane apre 1923, Mustafa Kemal Atatürk te transfòme yon nasyon dechire ak dezanpare pou vin tounen youn ki obsede pou pwogrè. Pa li a te yon revolisyon yon sèl òm, ke li te enpoze epi dirije depi anwo. Atatürk te konnen ke Tik yo pa te ko prè pou yo separe vyolaman ak pase yo, pou yo anbrase modènite epi tounen desizivman fas yo bay Oksidan an. Li te konnen tou, sepandan, ke sa t ap sèl fason pou yo fasone yon nouvo desten pou tèt yo ak pou nasyon yo a. Kidonk li te fòse yo, souvan anba vag manifestasyon anfavè lòd ansyen an.

Yo pa te janm ka bati nouvo nasyon Atatürk te bati sou dekonm Anpi Ottoman lan nan fason demokratik. Pa te gen okenn chans yon peblisit [vòt piblik] t ap apwouve menm youn nan refòm radikal li yo. Pifò Tik yo nan epòk la t ap twouve menm lide yon peblisit, pou fasone yon sistèm politik dapre volonte pèp la, pa senpleman etranj men absid [ridikil]. . . .

Sous: Stephen Kinzer, *Crescent and Star: Turkey Between Two Worlds*, Farrar, Straus and Giroux, 2001

4b Dapre Stephen Kinzer, kisa ki te **yon (1)** pwoblèm Atatürk te konfwonte pandan li t ap fòse peyi li chanje? [1]

Score

Dokiman 5

. . . Yo te konn rele lidè pwisan yo “moun ki make istwa”; de tout evidaman pa gen anpil moun ki merite tit sa pase Atatürk. Ant 1923 ak 1938, ane li te mouri a, li te fè peyi sa ki te majoritèman Mizilman vin tounen yon eta sekilye, selon modèl nasyon Ewòp Delwès yo. Yo pa te janm wè okenn transfòmasyon nasyonal ki fèt pi rapid ni pi dramatik nan istwa. Nan yon tijan plis pase 15 zan, li te eseye akonpli travay anpil syèk.

Li te aboli siltana an 1922, epi yon ane pita, li te egzile kalif la, li te retire edikasyon anba kontwòl klèje yo epi li te fèmen tribinal relijye yo. Efè mezi sa yo te pou separe legliz ak leta, yon bagay ki pa te janm fèt avan nan Azi de Lwès. Li te entèdi fèz [chapo tradisyonèl tik], ki te vin yon senbòl òtodoksi Ottoman ak Islamik lan, li te adopte yon alfabè Latèn modifiye, entèdi poligami epi defann dwa egal pou fanm yo. Se lajman gras ak Atatürk ke, jodi a, fanm Tik yo kite mak yo nan domèn medsin, lalwa, menm politik. Byenke avni politik li ensèten aktyèlman, Tansu Ciller, premye minis briyan, novatris Latiki a [1993–1996], te youn nan jis yon pwanyè fanm ki te nan tèt yon gouvènman nan kèlkeswa kote a. . . .

Sous: Eric Lawlor, “Isn’t modernizing a nation a serious business?,” *Smithsonian*, March 1996 (adapte)

5 Selon pasaj sa a ki soti nan atik Eric Lawlor te ekri an 1996 la, endike **de (2)** mezi Atatürk te pran pou rann peyi li vin yon eta ki pi modèn, pi sekilye sou modèl peyi Ewòp Oksidantal yo. [2]

(1)

Score

(2)

Score

Dokiman 6

. . .Fondatè a te bati dikonomi [ant diktati ak demokrasi] anndan nouvo eta [Latiki] a. Atatürk te yon sòlda; nan pemye jou grizan revolisyon an yo te ka konsidere lame a kòm boukliye li, ki garanti sivi kont machinasyon [konplo] diktatè nan lwès ak na nò yo. Atatürk te ankouraje fòmasyon yon pati opozisyon, Pati Repibliken Liberal la, men li pa te resevwa anpil sipò epi ghazi [gèrye/Atatürk] a te retabli ak sa ki te esansyèlman rèy yon sèl-pati, pwòp Pati Polilè li a.

Li te kite anplas machinri gouvènman demokratik la. Men eritaj li kite a gen ladan tou lide ke lidè lame yo, piske yo nan yon nivo ki pi wo pase politik, te kapab oswa yo ta dwe entèveni pou sove peyi a kont limenm—tankou lè MP yo [manm Palman yo] te demantle seyans Palman an pou yo brandi ak zam epi voye kout pwèn, oswa lè gang rival òm politik ame yo te pran lari pou yo goumen, oswa lè enflasyon te kòmanse tounen lir la an ‘lajan dwòl’.

Twa fwa nan ventan lame a te pran kontwòl Latiki, sa ki te dechire Konstitisyon an epi envoke lespri Atatürk. . . .

Sous: John F. Crossland, “Turkey’s Fundamental Dilemma,” *History Today*, November 1988 (adapte)

6 Dapre John F. Crossland, kisa ki te **yon (1)** enpak rèy Atatürk la te genyen sou Latiki? [1]

Score

Dokiman 7

Politik Yon-Koup-Yon Sèl Pitit la: Lasyans Tounen Politik Pati

. . .Nan mitan mwa septanm 1980, twazyèm sesyon Senkyèm Kongrè Popilè a [NPC] te bay so apwobasyon l pou yon nouvo politik yo te konsevwa pou kenbe popilasyon an nan 1.2 milya abitan apati fen syèk la gras a ankourajman pou tout moun fè yon sèl pitit. Rapò Travay Gouvènman NPC a te pibliye a te premye apèl jeneral yo te fè pou politik yon sèl pitit la. Apresa yo te fè piblisite pou politik sa a nan yon Lèt Ouvèt trè inabityèl ki date 25 septanm Komite Santral la te voye bay tout manm pati a yo ak Lig Jenès Kominis lan. Ranpli ak tout sòt chif, Lèt Ouvèt la te enkane nouvo mòd nimerik rezònman politik sou popilasyon an. Nan fòmilasyon pwoblèm popilasyon an, Lèt la te konbine fòmilasyon espesyalis syans sosyal ak syans natirèl yo nan yon imaj kriz popilasyon-ekonomi-anviwònman grav. Aprè yo te fin disipe tout ensètitud syantifik yo, Lèt la te souliye kriz grav Lachin lan an tèm depriman:

Daprè mwayèn 2.2 timoun pa koup la, popilasyon Lachin lan pral atenn 1,300 milyon [1.3 milya] nan 20 tan epi l ap depase 1,500 milyon [1.5 milya] nan 40 tan. . . . Sa pral agrave difikilte yo pou kat (4) modènizasyon yo epi li pral kreye yon sitiasyon grav kote yo pap ka amelyore fasil nivodvi popilasyon an. . . . Anplis de sa, yon kwasans popilasyon ki ogmante twò rapid non sèlman ap kreye difikilte nan domèn edikasyon ak anplwa men tou sa pral ogmante sichaje[fè egzijans ekseksif pou] enèji, dlo, forè, ak lòt resous natirèl yo, agrave polisyon anviwònmantal la epi rann kondisyon pwodiksyon yo ak anviwònman abitab la kategorikman mal epi rann li trè difisil pou yo amelyore l. . . .

Sous: Susan Greenhalgh, "Science, Modernity, and the Making of China's One-Child Policy," Population and Development Review, Vol. 29, No. 2, June 2003 (adapte)

7 Selon atik sa a Susan Greenhalgh te ekri a, kisa ki te **yon (1)** rezon ki te fè otorite Chinwa yo enkyete pou kwasans rapid popilasyon an? [1]

Score

Dokiman 8a

Deba Entèn sou Planifikasyon Nesans lan

. . .Pandan yo t ap fè preparasyon yo pou lanse kanpay pwopagann ak esterilizasyon an nan fen ane 1982 a, yo te prete atansyon espesyal tou ak yon konsekans pwofondeman twoublan pwogram lan. Avèk koup ki limite ak yon sèl pitit, oswa petèt de pitit, rapò enfantisid sou ti fi yo, abandònman tibebe, ak vyolans kont fanm ki te fè pitit fi yo te kòmanse ogmante anpil. Byenke anpil nan rapò sa yo te soti nan zòn rural andeyò yo, te gen ka iben tou, sa ki sigjere gen yon prejije ki pwofondeman anrasine nan sèks yo. Prejije sa a te transande [ale odela] estati sosyo-ekonomik ak edikatif epi kanpay pwopagann k ap denonse preferans “feyodal” ki gen pou pitit gason pase pitit fi yo pa te ka elimine l. . . .

Sous: Tyrene White, *China's Longest Campaign: Birth Planning in the People's Republic, 1949–2005*, Cornell University Press, 2006 (adapte)

Dokiman 8b

Pano Afichaj nan Pwovens Hebei K ap Fè Pwomosyon pou Tifi yo



Piblisite a li, “Pa gen okenn diferans ant fè yon pitit fi ak fè yon pitit gason—pitit fi yo ka kontinye linje fanmi an tout.”

Sous: Therese Hesketh, et al.,
“The Effect of China’s One-Child Family Policy after 25 Years,”
The New England Journal of Medicine online, September 15, 2005

- 8 Selon pasaj sa a Tyrene White te ekri a ak piblisite Chinwa sa a, endike **yon (1)** enpak kiltirèl politik yon sèl pitit la te genyen sou sosyete Chinwa a. [1]

Score

Dokiman 9

Lachin te anonse lafen politik “yon sèl pitit” li a an oktòb 2015.

PEKEN – Chanjman politik “yon sèl pitit” la Pati Kominis lan te anonse jedi a te kite kèk ekonomis ak envestisè poze tèt yo kesyon sou fason gouvènman an pral adrese presyon finansyè ak ekonomik alontèm yo. . . .

Mesye Yao [direktè Sant pou Rechèch Ekonomik Lachin lan nan Inivèsite Peken an nan Peken] te deklare ke vyeyisman popilasyon an te menase aloudi pèspektiv ekonomik Lachin lan pa sitou akòz diminisyon mendèv la, men akòz diminisyon demann konsomatè yo. Li te etabli konparezon ak Japon, kote l te di ke lit [Japon an] li an pou revitalize ekonomi l lan nan ane 1990 yo te montre ke pi gwo menas la soti nan demann dòmman [letajik] lan tank popilasyon an ap vyeyi. . . .

Popilasyon Lachin lan te vin deplizanpli dezekilibre depi lè yo te entwodui politik “yon sèl pitit” la an 1979. Yo prevwa ke yon tyè popilasyon an pral gen plis pase 60 tan bò 2050, yon ogmantasyon apeprè yon setyèm an koparezon ak ane pase, sa ki mete anpil kontrent sou bidjè gouvènman an ak pwogram avantaj yo pou sitwayen aje yo.

Anmenm tan, ekonomis yo te deklare dimansyon mendèv la te diminye nan ane ki sot pase yo epi gen chans pou l kontinye diminye, sa ki soulve kesyon sou fason Lachin pral mentni yon esò ekonomik istorik epi peye pou pwogram pansyon ak asirans medikal yo. Popilasyon ki nan laj travay la te diminye pou lapremyè fwa an 2012; ane pase, te gen 916 milyon abitan ototal, yon rediksyon 3.7 milyon soti an 2013, selon gouvènman an.

Alontèm, yon ogmantasyon nan to natalite a gen chans konpanse pou kèk nan bès popilasyon ki nan laj travay la. Men akoutèm, piske timoun yo pa fè pati mendèv la epi yo al lekòl, sa ka mete yon nouvo presyon sou ekonomi an, pandan pòsyon global popilasyon an ki depann de gouvènman an ap ogmante. . . .

Sous: Javier C. Hernández, “Experts Weigh Likely Impacts of China’s ‘One Child’ Reversal,” *New York Times* online, October 29, 2015

9 Dapre Javier C. Hernández, kisa ki **yon (1)** fason politik yon sèl pitit la yo sispenn lan pral kontinye afekte Lachin aprè 2015? [1]

Score

Pati B

Redaksyon

Enstriksyon: Ekri yon redaksyon byen òganize ki gen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Itilize prèv nan *omwen kat (4)* dokiman nan redaksyon w lan. Sipòte repons ou avèk reyalite, egzanp ak detay enpòtan. Ajoute enfòmasyon ki sòti lòt kote.

Kontèks Istorik:

Pandan tout istwa, lidè yo ak gouvènman yo te elabore politik pou reponn a pwoblèm espesifik yo. Politik sa yo te gen enpak siyifikatif sou peyi lidè a ak rejyon ki ozalantou yo. Pami lidè sa yo ak politik yo gen ladan **Anprè Meiji ak oksidantalizasyon**, **Kemal Atatürk ak oksidantalizasyon**, ak **Deng Xiaoping ak politik yon sèl pitit la**.

Sa pou fè: Avèk enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa ak jewografi jeneral, ekri yon redaksyon kote ou

Chwazi **de (2)** lidè ak politik asosye ki masyone nan kontèks istorik la epi pou yo **chak**

- Dekri sikonstans istorik ki te enfluyans lidè sa a ak gouvènman li an pou yo devlope politik sa a
- Diskite enpak politik sa a te genyen sou peyi lidè a **ak/oswa** sou yon rejyon

Gid:

Nan redaksyon ou an asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Mete enfòmasyon nan *omwen kat (4)* dokiman
- Mete ladan l enfòmasyon enpòtan ki soti lòt kote
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanp ak detay enpòtan
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

